



Travay pandan w envalid: Fason nou ka ede w

Ki sa ki andedan

Èske w ap resevwa avantaj pou andikap? Nou ka ede w ale travay

1

Règ andikap Social Security

Yon koudèy sou ankourajman travay Social Security

2

Kòman salè ou afekte avantaj Social Security ou

3

Sa ou dwe deklare si w ap travay epi w ap resevwa Social Security pou andikap

3

Si ou pèdi travay ou

3

Règ espesyal pou travayè ki avèg

3

Règ andikap Social Security

Yon koudèy sou ankourajman travay SSI

4

Plan to achieve self-support (PASS)

4

Si objektif travay ou se pou fè travay endependan

5

Ki jan salè ou afekte peman SSI ou yo

6

Sa ou dwe deklare si w ap travay epi w ap resevwa SSI

6

Konbyen tan Medicaid ap kontinye

7

Pou kontakte Sekirite Sosyal

7

Èske w ap resevwa avantaj pou andikap? Nou ka ede w ale travay

pou travay ak Ticket to Work Social Security la ka ede ou si ou enterese nan travay.

Si w ap resevwa avantaj pou andikap, nou gen yon bon nouvèl pou ou. Pwogram ankourajman

Gen règ espesyal ki fè li posib pou resevwa avantaj pou andikap Social Security oswa Supplemental Security Income (SSI) pou travay epi toujou resevwa peman yo chak mwa.

Epi, si ou pa ka kontinye travay poutèt eta maladi ou a, avantaj ou yo ka rekòmanse ankò – ou kapab oblige depoze yon nouvo aplikasyon.

Ankourajman pou travay yo gen ladan:

- Avantaj lajan kach pou yon tan pandan w ap travay;
- Medicare oswa Medicaid ki kontinye pandan w ap travay
- Èd pou edikasyon, fòmasyon ak reyadaptasyon pou kòmanse yon nouvo kalite travay.

Social Security ak SSI gen diferan règ. Nou dekri règ ki genyen nan chak pwogram nan seksyon diferan nan tiliv sa a. Ankourajman Social Security yo kòmanse nan paj 2, epi ankourajman SSI yo kòmanse nan paj 4.

Si w ap resevwa Social Security oswa SSI, fè nou konnen touswit lè w kòmanse oswa sispann travay, oswa si genyen lòt chanjman ki ka afekte avantaj ou yo.

Pwogram Ticket to Work la ka ede ou tou si ou ta renmen travay. Ou ka resevwa:

- Reyadaptasyon pwofesyonèl gratis;
- Fòmasyon;
- Rekòmandasyon Travay; ak
- Lòt sipò travay.

Ou pral fè yon evalyasyon medikal pandan w ap itilize «Ticket» gratis ou a epi pwogrese a tan ak plan pou retounen nan travay ou a.

Lè w pare pou eksplore opsyon travay ou genyen yo, Epi tou ou ka ale sou sitwèb Ticket to Work la nan **choosework.ssa.gov** pou jwenn plis enfòmasyon, nou gen yon Liy Èd Ticket to Work ki pèmèt ou pale avèk nou sou travay, avantaj oswa pwogram ankourajman travay nou yo. Rele **1-866-YOURTICKET (1-866-968-7842)**, lendi jiska vandredi ant 8è AM jiska 8è PM. Si ou soud oswa tande di, ou ka rele nimewo TTY nou an, **1-866-833-2967**. Oswa ou ka rele nimewo

gratis nou an epi mande pou *Ticket to Work ou* (Piblikasyon nimewo 05-10061) disponib tou nan www.socialsecurity.gov/pubs.

Yon koudèy sou ankourajman travay Social Security

(Règ pwogram SSI la kòmanse nan paj 4.)

Trial work period – Trial work period la pèmèt ou teste kapasite ou pou travay pou omwen nèf mwa. Pandan trial work period ou a, ou pral resevwa tout avantaj Social Security ou yo kèlkeswa kantite lajan w ap touche deklare travay ou te fè, epi ou kontinye gen yon andikap. Nan ane 2018, yon trial work month se nenpòt mwa salè total ou yo plis pase \$850. Si w se yon travayè endependan, ou gen yon trial work month lè ou touche plis pase \$850 (apre depans) oswa ou travay plis pase 80 èdtan nan pwòp biznis ou. Trial work period la ap kontinye jiskaske ou te travay pandan nèf mwa nan yon peryòd 60 mwa.

Extended period of eligibility – Apre Trial work period, ou gen 36 mwa kote ou ka travay epi kontinye resevwa avantaj pou nenpòt mwa ou pa te touche yon «gwo» salè nan travay ou. Nan ane 2018, nou konsidere salè ki plis pase \$1,180 (\$1,970 si ou avèg) gwo salè. Ou pa pral bezwen depoze yon nouvo aplikasyon epi nou pa pral bezwen pran okenn desizyon sou andikap pou ou resevwa yon avantaj pou andikap nan men Social Security pandan peryòd sa a.

Expedited reinstatement – Si yo koupe avantaj ou yo paske w ap touche yon gwo salè, ou gen senk ane pou mande nou rekòmanse avantaj ou yo si ou pa ka kontinye travay akòz pwoblèm medikal ou a. Ou p ap bezwen depoze yon nouvo aplikasyon oswa tann pou avantaj ou yo rekòmanse pandan n ap evalye pwoblèm medikal ou a.

Kontinyasyon Medicare – Si yo koupe avantaj pou andikap Social Security ou yo paske w ap touche twòp, men ou toujou gen andikap la, asirans gratis Medicare Pati A ou a ap kontinye pou omwen 93 mwa apre Trial work period nèf mwa ou a. Apre sa, ou ka peye yon prim chak

mwa pou achte asirans Medicare Pati A. Si ou gen asirans Medicare Pati B, ou dwe kontinye peye prim lan. Si ou vle koupe asirans Pati B ou a, ou dwe mande li sa alekri.

Depans pou travay ki gen rapò ak andikap ou – Si ou travay, ou ka oblige peye pou sèten pwodwi ak sèvis moun ki pa gen andikap peye pou yo. Pa egzanp, poutèt pwoblèm medikal ou a, ou ka bezwen pran yon taksi pou travay tan ou pou pran transpò publik; oswa ou ka bezwen peye pou sèvis terapi-konsèy. Gen posiblité pou retire depans sa yo sou salè ou chak mwa anvan nou deside si ou toujou kalifye pou avantaj yo.

Kòman salè ou afekte avantaj Social Security ou

Pandan Trial work period la, pa g en okenn limit sou kantite salè ou. Pandan Extended period of eligibility 36 mwa a, anjeneral ou pa ka touche plis pase \$1,180 yon mwa oswa y ap koupe avantaj ou yo. Men, nou retire depans travay ou genyen poutèt andikap ou a lè nou konte salè ou. Si ou gen lòt depans travay, salè ou ka plis pase \$1,180 avan yo afekte avantaj ou yo. Nòmalman montan salè ki twòp la monte chak ane.

Depans travay ou yo ka gen depans nan nenpòt pwodwi oswa sèvis ou bezwen pou travay, menm si ou itilize yo lè ou p ap travay tou. Egzanp yo gen ladan kopeman pou preskripsyon, sèvis terapi-konsèy, transpò pou ale ak soti nan travay (nan sèten kondisyon), yon èd pèsonèl oswa antrenè travay, yon chèz woulant, oswa nenpòt ekipman travay espesyalize.

Sa ou dwe deklare si w ap travay epi w ap resevwa Social Security pou andikap

Si ou resevwa Social Security poutèt yon andikap, ou menm oswa reprezantan ou dwe di nou touswit si:

- Ou kòmanse oswa sispann travay;
- Ou te deklare travay ou, men orè, kantite èdtan, oswa salè ou chanje; oswa

- Ou kòmanse peye depans pou travay poutèt andikap ou a.

Ou ka deklare chanjman nan travay ou pa telefòn, lapòs, oswa an pèsòn. Ou ka jwenn biwo lokal ki pi pre ou a sou sitwèb nou an nan www.socialsecurity.gov. Nou pral ba ou yon resi ki konfime nou te jwenn deklarasyon ou a. Kenbe resi sa a ak tout lòt papye enpòtan ou resevwa nan men Social Security.

Si ou pèdi travay ou

Si ou pèdi travay ou pandan yon Trial work period, sa p ap afekte avantaj ou o. Si ou pèdi travay ou pandan Extended period of eligibility 36 mwa a, rele nou epi n ap rekòmanse avantaj ou yo si ou toujou gen yon andikap.

Règ espesyal pou travayè ki avèg

Si ou avèg, epi ou travay pandan w ap resevwa avantaj Social Security, gen règ espesyal:

- Ou kapab touche jiska \$1,970 pa mwa nan ane 2018 anvan salè ou ka afekte avantaj ou yo.
- Si ou touche twòp pou resevwa avantaj pou andikap, ou toujou kalifye pou yo «jele» avantaj pou andikap la. Sa vle di nou pa pral konte ane sa yo kote ou te gen touche yo ti kras kòb oswa anyen menm poutèt andikap ou a lè n ap kalkile avantaj pou pi devan yo.

Sa ka ede ou paske avantaj ou yo baze sou pi gwo revni ou te fè pandan tout tan ou te travay nan vi ou. Pou jwenn plis enfòmasyon sou règ espesyal pou moun avèg yo, li *If You Are Blind or Have Low Vision – How We Can Help (Si ou avèg oswa ou pa wè byen – Kijan nou ka ede, Piblikasyon nimewo 05-10052)*. (Disponib sèlman ann angle).

Yon koudèy sou ankourajman travay SSI

(Règ Social Security pou andikap yo kòmande sou paj 2.)

Kontinyasyon SSI – Nou peye avantaj SSI yo bay moun ki gen 65 kan, ki avèg, oswa gen yon andikap, epi ki gen yon ti kras revni oswa resous. Si w andikape epi ou travay malgre andikap ou a, ou ka kontinye resevwa peman yo jiskaske salè ou, lèt nou ajoute li sou nenpòt lòt revni, depase limit revni SSI la. Limit sa a diferan nan chak eta. Menm si peman SSI ou yo sispann, nòmalman asirans Medicaid ou ap kontinye si salè ou pi piti pase nivo eta ou abite a.

Expedited reinstatement – Si nou te koupe peman ou yo paske salè ou te twòp, epi ou vin pa kapab travay ankò akòz pwoblèm medikal ou, ou ka mande nou rekòmanse avantaj ou yo. Ou pa p oblige depoze yon nouvo aplikasyon pou andikap si ou fè demann sa a nan senk ane oswa pi ptit apre nou te koupe avantaj ou yo.

Depans pou travay ki gen rapò ak andikap ou – Si ou travay, ou ka oblige peye pou sèten pwodwi ak sèvis moun ki pa gen andikap peye pou yo. Pa egzanp, poutèt pwoblèm medikal ou a, ou ka bezwen pran yon taksi pou travay tan ou pou pran transpò piblik; oswa ou ka bezwen peye pou sèvis terapi-konsèy. Gen posibilité pou retire depans sa yo sou salè ou chak mwa anvan nou deside si ou toujou kalifye pou avantaj yo.

Elèv ki gen andikap – Si ou poko gen 22 lane, ou lekòl, oswa ou ale nan yon pwogram fòmasyon regilyèman, nou p ap konte yon pati nan salè ou. Nan ane 2018, nou pa konte jiska \$1,820 nan salè ou pa mwa (maksimòm \$ 7,350 pou 2018) lè nou kalkile avantaj SSI ou yo.

Kounye a, n ap konsakre yon seksyon antye pou eksplike yon ankourajman travay SSI enpòtan, plan to achieve self-support, oswa PASS la.

Plan to achieve self-support (PASS)

Objektif yon plan to achieve self-support se ede ou jwenn pwodwi, sèvis, oswa konpetans ou bezwen pou reyalize objektif travay ou. Objektif

travay ou yo ta dwe diminye dependans ou sou SSI oswa ede ou kite Social Security andikap la oswa SSI woulo. Nenpòt lajan ou itilize pou ede reyalize objektif travay ou an p ap konte lè nou kalkile kijan revni ou ak resous ou nan moman an afekte avantaj ou yo. Pa egzanp, ou ka mete lajan akote pou ale lekòl pou jwenn fòmasyon pou yon travay oswa pou kòmanse yon biznis. Epi tou ou kapab itilize lajan ou te sere pou:

- Transpò pou ale ak soti nan travay;
- Frè pou lekòl, liv, frè, ak materyèl ki nesesè pou lekòl oswa fòmasyon;
- Gadri;
- Swen asistan;
- Sèvis travay, tankou antrènman travay oswa èd pou ekri CV ou;
- Teknoloji ki ede ou itilize pou travay;
- Machandiz pou kòmanse yon biznis;
- Ekipman ak zouti pou fè travay la; oswa
- Inifòm, rad espesyal, ak ekipman sekirite.

Fason pou kreye yon plan – Plan an dwe fèt alekri, epi Social Security dwe apwouve li. Pou kòmanse, kontakte biwo Social Security lokal ki pi pre ou a pou yon aplikasyon (Fòm SSA-545-BK). Apresa, swiv etap ki anba yo pou kreye plan ou an:

1. Deside kisa objektif travay ou ye. Pa egzanp, objektif travay ou ka jwenn yon travay ou vle, epi ki di ou panse w ap ka jwenn li, lè ou reyalize plan ou a. Nou ka refere w bay yon konseye reyadaptasyon pwofesyonèl ki ka ede ou evalye objektif travay ou a. Gen lò kote ki ka ede ou tou. Epi tou ou kapab kreye yon plan pou kouvrir depans sèvis pwofesyonèl (tankou tès, sèvis pwofesyonèl, ak planifikasyon biznis).
2. Endike tout etap ou bezwen pran pou reyalize objektif ou ak konbyen tan ou pral bezwen pou franchi chak etap.
3. Deside ki pwodwi oswa sèvis ou pral bezwen yo reyalize objektif ou. Plan ou a dwe montre kijan yon pwodwi oswa sèvis ap ede ou reyalize objektif ou. Pa egzanp, si ou vle travay nan yon restoran, ou ka

- bezwen fòmasyon pou aprann fè manje. Si ou vle vin yon pwogramè òdinatè, ou ka bezwen diplòm nan inivèsite. Si ou vle kòmanse pwòp biznis ou, ou ka bezwen achte ekipman.
4. Mande estimasyon pri plizyè kote pou pwodwi ak sèvis ou bezwen yo. Nou pral sèlman apwouve pwodwi ak sèvis pri yo rezonab.
 5. Chache konnen konbyen lajan ou pral bezwen mete akote chak mwa pou peye pou pwodwi ak sèvis sa yo. Si w ap mete yon pati nan revni ou akote pou plan ou a, jeneralman peman SSI ou a pral ogmante pou ede ou peye depans pou ou viv yo. Nou ka estime konbyen nouvo SSI ou a pral ye si nou apwouve plan ou a.
 6. Di nou kijan ou pral kenbe lajan pou plan ou an separe ak nenpòt lòt lajan ou genyen. Fason ki pi fasil pou fè sa se louvri yon kont bank apa pou lajan ou sere pou plan ou a.
 7. Reponn TOUT kesyon sou Fòm SSA-545-BK, siyen li, epi mete dat la sou li. Asire w adrès ou ak nimewo telefòn ou kòrèk sou fòm lan.
 8. Menmen fòm ou fin ranpli a nan biwo Social Security lokal ou a oswa voye li pa lapòs. Si w bezwen èd pou ekri plan ou a, biwo Social Security lokal ou a ka swa ede ou oswa refere w bay yon òganizasyon lokal k ap ede ou.
- Si objektif travay ou se pou fè travay endepandan**
- Mete yon plan biznis detaye ak aplikasyon ou a si ou vle kòmanse pwòp biznis ou. Plan biznis ou a ta dwe eksplike:
- Ki kalite biznis ou vle kòmanse (pa egzanp, yon restoran, yon enprimri);
 - Ki kote ou pral enstale biznis ou a (pa egzanp, lwe yon magazen, espas pataje);
 - Lè biznis la ap opere;
 - Kiyès ki pral kliyan, founisè, ak konkiran ou yo;
- Kouman ou pral fè publisite pou pwodwi oswa sèvis ou a;
 - Ki pwodwi ak sèvis ou pral bezwen pou kòmanse biznis la;
 - Konbyen pwodwi ak sèvis sa yo pral koute;
 - Kouman ou pral peye pwodwi ak sèvis sa yo; epi
 - Kantite lajan ou panse ou pral fè pandan premye katran biznis la.
- REMAK:** Nou ankouraje w pou pale avèk yon moun ki ka ede ou ekri plan biznis ou a. Sa te ka yon moun nan Small Business Administration, Kò Sèvis Egzekitif Retrete, yon konseye pwofesyonèl, yon bankye lokal, oswa nenpòt moun ki abitye ede moun monte yon biznis. Ou ka mete pri ou èd sa a nan plan ou a, si genyen.
- Social Security dwe evalye plan oud a – Apre ou soumèt aplikasyon ou an, yon ekspè plan Social Security pral:**
- Evalye plan pou asire li konplè;
 - Deside si plan ou a pral ba ou yon bon chans pou reyalize objektif ou;
 - Deside si depans yo ki nan lis yo nesesè pou w reyalize objektif ou ak si pri yo rezonab;
 - Deside si plan ou a bezwen nenpòt chanjman epi diskite yo avèk ou; epi
 - Voye yon lèt ba ou pou fè ou konnen si nou apwouve oswa refize plan ou a.
- Si nou apwouve plan ou a, ekspè an pral kontakte ou detanzantan pou asire w ap swiv plan ou pou reyalize objektif ou. Asire w ou kenbe resi pwodwi ak sèvis ou achte pou plan an.
- Si nou refize plan nou an, ou ka konteste**
- Si nou pa apwouve plan ou an, ou gen dwa konteste desizyon an. Lèt ou resevwa a ap eksplike dwa ou genyen pou konteste epi l ap di kijan pou ou depoze yon kontestasyon. Ou ka prezante yon nouvo plan bay nou tou.
- Si nou apwouve plan ou a, ou ka fè chanjman**
- Si pita ou deside chanje plan ou, ou ka fè sa. Sepandan, fòk Social Security apwouve li anvan ou fè nenpòt chanjman. Di nou alekri ki

chanjman ou vle fè, tankou yon chanjman nan lajan w ap mete akote chak mwa oswa yon chanjman nan depans ou pral genyen. Ekspè a pral egzaminen chanjman sa yo epi fè ou konnen si nou apwouve yo. Di nou chanjman ki ka afekte plan ou a kou li posib.

Fè nou konnen si ou pa ka reyalize plan ou
– kontakte biwo Social Security lokal ou a si ou deside ke ou p ap kapab kontinye ak plan ou. Ekspè plan ka anmezi pou ede ou fè kèk chanjman nan plan ou a pou reyalize objektif ou. Sinon, ou ka ekri yon nouvo plan ak yon nouvo objektif travay.

Si ou pa reyalize plan ou a, nou pral kòmanse konte revni a oswa resous ou te mete akote pou plan ou a lè nou kalkile avantaj SSI chak mwa ou yo. Sa vle di peman SSI ou gendwa pral desann oswa sispann. Si ou rete tann twò lontan pou di nou ou te sispann travay sou plan ou a, ou ka touche twòp SSI. Lè sa a, ou ka oblige remèt peman SSI ou te resevwa depi ou te sispann travay sou plan ou a. Sonje, ou ka chwazi ekri yon nouvo plan ak yon nouvo objektif travay tou.

Ki jan salè ou afekte peman SSI ou yo

Nou baze peman SSI ou yo sou konbyen lòt revni ou genyen. Jeneralman lè lòt revni ou yo monte, peman SSI ou ye bese. Donk lè ou touche plis pase limit SSI la, y ap sispann peman ou pou mwa sa yo. Men, peman ou yo pral rekòmanse otomatikman pou nenpòt mwa revni ou bese pi ba pase limit SSI limit. Di nou si salè ou bese, oswa si ou sispann travay.

Si revni ou se sèlman SSI ak lajan ou touche nan travay ou a, nou p ap konte premye \$85 salè chak mwa ou yo. Chak mwa, nou retire 50 santim sou avantaj SSI ou pou chak dola ou touche ki plis pase \$85.

Egzanp: Ou travay epi ou touche \$1,000 pa mwa; epi sèl revni ou se salè nan travay ou ak SSI ou.

\$1,000
-\$85

\$915 divize pa 2 = \$457.50

Nou t ap pran \$ 457.50 sou peman SSI ou a.

Ou ka kalifye pou yon plan pou w vin endepandan ki pèmèt ou itilize lajan ak resous pou yon objektif travay espesifik. Lajan sa yo p ap konte lè nou kalkile kijan revni ou ak resous ou nan moman an afekte avantaj ou yo.

Sa ou dwe deklare si w ap travay epi w ap resevwa SSI

Si ou resevwa SSI, ou dwe fè nou konnen touswit lè:

- Ou kòmanse oswa sispann travay;
- Travay ou, orè, kantiite èdtan, oswa salè ou chanje; oswa
- Ou kòmanse peye depans pou travay poutèt andikap ou a.

Ou dwe deklare salè ou chak mwa, ou fè sa:

- Rele nou gratis nan **1-800-772-1213** oswa nan nimewo TTY nou AN, **1-800-325-0778**, si w soud oswa tande di, avan 6zyèm jou pwochen mwa a; oswa
- Pote souch chèk ou yo bay biwo Social Security lokal ou a oswa voye yo pa lapòs avan 10zyèm jou mwa pwochen an.

Ou ka jwenn biwo lokal ki pi pre ou a sou sitwèb nou an nan www.socialsecurity.gov.

Nou pral ba ou yon resi ki konfime nou te jwenn deklarasyon ou a. Kenbe resi sa a ak tout lòt papye enpòtan ou resevwa nan men Social Security.

Pifò moun ki gen aksè nan yon telefòn ka deklare salè yo ak avèk sistèm deklarasyon salè otomatik nou an. Lè ou deklare salè ou nan telefòn, ou ekonomize papye, tenb, ak tan, paske ou pa bezwen fè kopi, fakse, oswa voye prèv salè nan biwo lokal la pa lapòs. Kontakte Social Security pou enskri.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou deklare salè, li *Reporting Wages When You Receive Supplemental Security Income (SSI)* (*Fason pou Deklare Salè Lè sou Resevwa Revni Sekirite Siplementè (SSI)*, Piblikasyon Nimewo 05-10503). (Disponib sèlman ann angle).

Konbyen tan Medicaid ap kontinye

Anjeneral, asirans Medicaid ou ap kontinye menm apre peman SSI ou sispann, jiskaske revni ou rive nan yon sèten nivo. Nivo sa a varye ak chak eta epi li reflete pri swen sante nan eta kote ou ye a. Nou ka di ou nivo Medicaid pou eta ou ye a. Men, si depans swen sante ou pi wo pase nivo sa a, ou ka gen plis revni epi kenbe Medicaid ou. Nan pifò eta, pou Medicaid ou a kontinye, ou dwe:

- Bezwén li pou ou kapab travay;
- Pa kapab peye asirans medikal menm jan an san SSI;
- Toujou gen andikap la; epi
- Satisfè tout lòt kondisyon pou kalifye pou SSI.

Si ou kalifye pou Medicaid anba règ sa yo, nou pral evalye dosye ou a detanzantan pou wè si ou toujou gen andikap la oswa avèg epi ou toujou ap touche mwens pase nivo eta ou rete a pèmèt la.

Pou kontakte Sekirite Sosyal

Genyen plizyè fason pou kontakte Sekirite Sosyal, san wete sou entènèt, pa telefòn, epi an pèsòn. Nou la pou n reponn kesyon w yo epi pou n sèvi w. Depi plis pase 80 ane, Sekirite Sosyal te ede sekirize lavi w jodi a ak demen lè l ofri benefis ak pwoteksyon finansye pou dèmilyon moun nan pakou y ap fè nan lavi yo.

Vizite sitwèb nou an

Fason ki pi pratik pou regle biznis nan Sekirite Sosyal nenpòt kote nenpòt lè, se lè w vizite sitwèb nou an www.socialsecurity.gov. Nan sit la, ou kapab:

- Kreye yon kont *my Social Security* pou egzamine *Social Security Statement* (*Deklarasyon Sekirite Sosyal*) ou a, verifye

revni w, enprime yon lèt verifikasyon benefis, chanje enfòmasyon pou depo dirèk ou, fè demann pou yo ranplase kat Medicare ou, jwenn yon ranplasman pou fòm SSA-1099/1042S, ak anpil lòt bagay ankò;

- Aplike pou jwenn Extra Help (èd siplemantè) avèk depans plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon;
- Aplike pou benefis retrèt, envalidite ak Medicare;
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo;
- Jwenn repons pou kesyon moun konn poze souvan; ak
- Anpil lòt bagay ankò!

Kèk nan sèvis yo disponib sèlman nan lang anglè. Vizite Multilanguage Gateway (pòtay miltilang) nou an pou enfòmasyon nan lang kreyòl ayisyen. Nou ofri sèvis entèprèt gratis pou ede w regle biznis Sekirite Sosyal ou yo. Sèvis entèprèt sa yo disponib kit ou pale avèk nou pa telefòn kit ou vini nan biwo Sekirite Sosyal la.

Rele nou

Si w pa gen aksè nan entènèt, nou ofri plizyè kalite sèvis otomatize, 24 sou 24, 7 jou pa semèn. Rele nou gratis nan **1-800-772-1213** oswa nan nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**, si w soud oswa ou gen difikilte pou tande.

Si w bezwen pale avèk yon moun, nou ka reponn apèl ou yo apati 7 è dimaten jiska 7 è diswa, de lendi a vandredi. Nou mande w pou pasyan pandan peryòd nou okipe anpil paske w ka jwenn plis siyal okipe epi w ka gen pou ret tann pi lontan anvan w gen opòtinite pou pale avèk nou. N ap tann pou n sèvi w.



Securing today
and tomorrow

Social Security Administration

Publication No. 05-10095-HC | March 2018

Travay pandan w envalid: Fason nou ka ede w

Working While Disabled: How We Can Help (Haitian-Creole)

Produced and published at U.S. taxpayer expense

Se lajan kontribiyab Ozetazini peye ki pèmèt yo pwodui epi pibliye piblikasyon sa a